MODÈL REPA POU TIBEBE KI AN SANTE

	ELEMAN MANJE	ATIK ALIMANTÈ	KANTITE MINIMÒM KI NESESÈ		
			TIBEBE KI FÈK FÈT JISKA 3 MWA	4 MWA JISKA 7 MWA	8 MWA JISKA 1YE ANIVÈSÈ
LÈT MANMAN	**Lèt Manman oswa Lèt Anpoud Tibebe ki Gen Fè**		4-6 ons likid	4-8 ons likid	6-8 ons likid
	Legim/Fwi		0	0	1-4 Kiyè
	Sereyal Tibebe ki Gen Fè		0	0-3 Kiyè	2-4 Kiyè
KOLASYON	**Lèt Manman oswa Lèt Anpoud Tibebe ki Gen Fè**		4-6 ons likid	4-6 ons likid	2-4 ons likid
	Pen oswa Pwodui tankou Krakè	Grenn Konplè oswa Pen Rich *oswa*	0	0	0-1/2 slice
		Grenn Konplè oswa Pwodui tankou Krakè ki Rich *oswa*	0	0	0-2 crackers
		Biskwit dantisyon, Bonbon Arrowroot	0	0	0-2 chal
REPA MIDI OSWA SOUPE	**Lèt Manman oswa Lèt Anpoud Tibebe ki Gen Fè**		4-6 ons likid	4-8 ons likid	6-8 ons likid
	Legim/Fwi		0	0-3 Kiyè	1-4 Kiyè
	Sereyal Tibebe ki Gen Fè ak/oswa Vyann/Ranplasan Vyann	Sereyal Tibebe *oswa*	0	0-3 Kiyè	2-4 Kiyè
		Vyann Mèg, Vyann Bèt Volay oswa Pwason *oswa*	0	0	1-4 Kiyè
		Jòn Ze *oswa*	0	0	1-4 Kiyè
		Pwa Sèch Kwit, Pwa Vèt oswa Lantiy *oswa*	0	0	1-4 Kiyè
		Fwomaj *oswa*	0	0	1/2-2 oz.
		Kotaj Fwomaj	0	0	2-8 Kiyè

Ou ka bay tibebe a lèt manman oswa lèt anpoud, oswa kèk pòsyon nan toulède. Men, li rekòmande pou bay tibebe a lèt manman alaplas lèt anpoud depi lè tibebe a fèt jiska premye anivèsè li.

Pou tibebe ki bwè lèt manman epi ki konsome mwens pase kantite minimòm lèt manman chak fwa li nan tete, ou ka bay tibebe a yon pòsyon ki pi piti pase kantite minimòm lèt manman, depi ou bay tibebe a lèt manman anplis si li toujou grangou.

Paske lè ou kòmanse bay tibebe a manje solid se yon objektif enpòtan nan rejim alimantè tibebe a, manje solid yo nesesè nan yon repa konpansasyon pou tibebe ki pare pou yo dapre etap devlopman yo. Ou ta dwe toujou pran desizyon pou bay yon tibebe manje espesyal nan tèt ansanm avèk paran oswa responsab legal tibebe a.

Pou tibebe k ap resevwa manje solid, founisè a dwe bay omwen yon eleman repa a pou mande konpansasyon, swa lèt anpoud oswa yon atik alimantè.

Ou ka ranplase 100% ji fwi pou lèt manman oswa lèt anpoud tibebe kòm yon kolasyon pou tibebe ki gen 8 mwa ak plis; ou ka bay tibebe a apati yon tas.

Ou ka sèvi pa plis pase yon pòsyon ji chak jou.

Yon founisè sèvis gadri nan kay ki kalifye po CACFP dapre revni li kapab sèlman reklame repa li sèvi ba pitit li nan yon lè repa lè lòt timoun ki enskri, ki p ap viv nan kay la prezan.

Gade Memorandòm Règleman DOH-CACFP Nimewo 120 pou Sant Gadri yo ak Memorandòm Règleman DOH-CACFP nimewo 171H pou Kay ki Bay Sèvis Gadri pou jwenn lòt enfòmasyon.

Ale nan (Fason nou Bay Kredi pou Manje nan CACFP (*Crediting Foods in CACFP*) pou jwenn enfòmasyon sou eleman repa espesyal.

USDA se yon founisè sèvis ak patwon ki bay posiblite egalego pou tout moun.